



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI DEL LAGO RESORT & CASINO KI NAN KONTE SENECA

Pwojè a Ap Kreye 1,500 Pòs Travay Pèmanan ak 300 Pòs Travay Adisyonèl nan Espa ak Otèl nan Rejyon Finger Lakes

Otèl & Kazino yo Pral Atire 3.2 Milyon Vizitè Chak Ane

Kat Kazino nan Rejyon Nò a yo Pral Jenere \$325 Milyon nan Revni Jwèt pou Eta a: \$65 Milyon nan Lokalite yo ak \$260 Milyon pou Edikasyon Piblik

Investisman an Konplete Inisyativ pwogram “Finger Lakes Forward” lan – ki se Plan Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative) ki Reyisi, pou Devlope Ekonomi an epi Kreye Nouvo Opòtinite

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gran ouvèti del Lago Resort & Casino a ki nan Vil Tyre, nan Konte Seneca. Otèl la se yon investisman prive \$440 milyon ki genyen yon etaj jwèt ki mezire 94,000 pye kare, ki se yon espas pèfòmans ki genyen 2,400 chèz, ak divès opsyon dine ak lavant an detay. Konstwi sou yon tèren ki soudevelope ki mezire 34 ekta, pwojè a te jenere plis pase yon milyon èdtan konstwiksyon epi li te kreye 1,500 pòs travay pèmanan nan rejyon an.

“Ouvèti del Lago a sa vle di nouvo pòs travay, aktivite ekonomik ki ogmante, ak yon lòt pa annavan an plis nan jefò nou yo pou kapab ranfòse epi transfòme rejyon Finger Lakes lan,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan dè dekad, Nouyòkè yo te gade pi lwen ke fwontyè nou yo pou kapab depanse kòb amizman yo, men ak kazino destinasyon otèl sa, nou pral atire Nouyòkè ak vizitè yo pou kapab eksplòre tout sa ke rejyon sa gen pou ofri.”

Lwa Devlopman Ekonomik ak Jwèt nan Rejyon Nò New York 2013 (Upstate New York Gaming and Economic Development Act of 2013) Gouvènè Cuomo an li te mandate ke tout revni eta a ki soti nan del Lago yo pou yo retounen nan lokalite yo. Dis pousan nan revni enpo eta a ki soti nan kazino a li pataje ant Vil Tyre ak Konte Seneca pou administrasyon etablisman an, epi Konte Broome, Chemung, Tompkins, Schuyler ak

Wayne yo pataje yon lòt 10 pousan. Rè 80 pousan revni yo distribye atravè tout eta a pou kapab sipòte edikasyon piblik epi bay soulajman enpo pou Nouyòkè yo.

Del Lago Resort & Casino a se yon patenarya ant Wilmorite Inc. ki baze nan Rochester, ak Peninsula Pacific. Peninsula Pacific gen ladan ansyen ekip lidèchip ki soti nan Peninsula Gaming, ki te gen yon total 50 ane nan devlopman ak jesyon kazino rejyonal yo nan senk eta. JNB Gaming pral jere kazino a. JNB ansanm ak direktè li yo rekonèt anpil kote atravè peyi a antan ke premye operatè ak devlopè kazino yo.

Jeff Babinski, ki se Vis Prezidan Ekzekitif ak Direktè Jeneral del Lago, te deklare, “Jounen sa te yon tan long ki t’ap vini, epi nou kontan anpil pou nou ouvri pòt nou bay piblik lan pou premye fwa. Nou te konstwi del Lago Resort & Casino a pou ou — pou kliyan nou yo, pou kominote a ansanm ak rejyon Finger Lakes lan okonplè. Depi nan kòmansman, misyon ki dèyè del Lago Resort & Casino a se te pou aji antan ke yon pòt prensipal nan rejyon an ki gen objektif pou favorize bote natirèl ak òf inik yo pandan l’ap amelyore touris. Nou kontan anpil poutèt jou sa finalman rive.”

Thomas Wilmot Sr., ki se Prezidan Developer Wilmorite, te deklare, “Nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan pote yon referandòm pou elektè yo ki nan Eta New York ki te pèmèt pou yo pwopoze del Lago epi konstwi etablisman an ke nou ap ouvri jodi a. Nou ekstrèmman fyè de sa ke nou te konstwi an ak operasyon biznis lan ke nou ap jere. Nou pral fè tout sa nou kapab pou depase atant yo epi pou ede rejyon sa pwospere.”

Brent Stevens, ki se Ko-Prezidan del Lago Resort & Casino a, te deklare, “Envestisè nou yo te angaje nan bèl pwopriyete sa sou pwomès ke del Lago Resort & Casino an li pral yon destinasyon klas mondyal ki konsantre sou fyète kominote a, pi wo nivo sèvis kliyan ak nosyon ke nou pral anba a pwomèt epi apre delivre. Otèl ak kazino sa se yon lòt ekzanp de kijan ekspètiz jwèt ki ap mennen nan Peninsula Pacific melanje ansanm ak rejis enkwayab Wilmorite ak bon jan ekspètiz jesyon nan JNB Gaming kapab pran yon rèv epi fè li vin tounen yon reyalyte.”

Enpak Ekonomik ke del Lago Resort & Casino Prewa

An plis de kreyasyon 1,800 pòs travay pandan konstwiksyon yo, del Lago te kreye 1,500 pòs travay pèmanan ak ouvèti kazino an, epi li pral kreye yon adisyonèl 200-300 lòt lè otèl la ak espas ouvri pandan sezon ete sa. Del Lago Resort & Casino pral tou yon benediksyon pou vinòb lokal yo, brasri yo, restoran yo, otèl yo, magazen yo, destinasyon touristik yo ak lòt biznis yo. An plis, gouvènman lokal yo — Vil Tyre, distrik lekòl, Konte Seneca ak lòt konte avwazinant yo ki nan rejyon jwèt yo ke eta a te etabli — pral wè yon enpak dirèk, konsiderab, pozitif ki soti nan Kazino & Otèl del Lago atravè pati pa yo nan pèman enpo jwèt kazino yo nan eta a.

Ronald McGreevy, ki se Sipèvizè Vil Tyre, te deklare, “Ouvèti del Lago Resort & Casino a li se reyèlman yon aktivite istorik, pa sèlman pou Vil Tyre ak Konte Seneca, li se yon aktivite istorik pou rejyon Finger Lakes lan okonplè. Del Lago ap bay yon bourad ekonomik ke zòn nou an bezwen anpil lan. Yo te pwomèt plis travay ak enpo ki pi piti,

epi yo te kenbe pwomès sa yo. Angajman fèm del Lago a nan kominote nou an li te depase tout atant yo. Nou an efè rekonesan poutèt yo te chwazi nou pou opòtinite inik sa. Sa se reyèlman “yon opòtinite yon sèl fwa nan lavi” pou zòn nou an. Nou espere gen yon avni ki briyan anpil!”

Senatè Pam Helming te deklare, “Sa se yon jou eksitan pou Konte Seneca ak kominote Finger Lakes lan okonplè, pliske del Lago Resort & Casino a pral yon faktè ekonomik enpòtan pou rejyon nou an ak plis pase 1,000 pòs travay pèmanan ak revni enpo adisyonèl pou lekòl ak lokalite nou yo. Antan ke yon patwon majè pou zòn nou an, del Lago pral ede tou pou atire plis opòtinite biznis pou mendèv lokal la epi li pral ede devlope ekonomi touristik nou an.”

Brian Kolb, ki se Manm Asanble, te deklare, “Ouvèti del Lago Resort & Casino a jodi a reprezante kòmansman yon opòtinite ekonomik epi rekreyatif ki eksitan pou rejyon Finger Lakes lan. Mwen vle felisite tout sila yo ki te ede pote pwojè sa pou vin reyalyite epi mwen swete patwon ak manm estaf del Lago yo yon gwo siksè.”

Baze sou estimasyon del Lago yo, otèl la ak kazino an prevwa pote 3.2 milyon vizitè chak ane. Antou, kat kazino komèsyal yo – del Lago, Tioga Downs, Montreign ak Rivers yo -- lè yo fin konplètman operasyonèl yo pral jenere \$325 milyon nan enpo jwèt yo, kote \$65 milyon ki ladan pral dirije bay lokalite yo epi \$260 milyon pral sipòte edikasyon piblik.

Envite del Lago Resort & Casino yo pral pwofite tou de:

- **Festen Mache Fèmme yo (Farmers Market Buffet):** Ki ap ofri dine pwodwi ki te fèt onivo lokal yo, fwi yo, pwodwi jounalye yo, vyann yo ak patisri yo
- **The Vine:** Zòn amizman pou 2,400 moun ki pral sèvi tou kòm yon bar ak restoran ki enspire de Fansè yo
- **Portico by Fabio Viviani:** Chèf selebrite epi “Favori fanatik yo” nan seri reyalyite reyisi Bravo a “Chèf Kwizinye” (Top Chef), Fabio ap pote yon pla sofistike sou pat manyèl ak manje yo ki enspire de Italyen Ansyen Mond lan, menm jan ak fwi lanmè, estèk ak vyann griye yo sou bwa dife.
- **Centrifico:** Zòn bar/salon nan sant etaj jwèt la
- **Savor NY — MacKenzie-Childs nan del Lago:** Magazen ki mezire 2,000 pye kare ki genyen pwodwi MacKenzie-Childs ak Jay Strongwater yo, menm jan ak seleksyon pwodwi espesyal yo ki te pwodwi pa konpayi yo ki baze nan Finger Lakes, ki enkli vinòb lokal yo, brasri ro, byè yo ak pwodiktè fwomaj yo
- **Tèren Manje:** Tèren manje ki mezire 4,200 pye kare ki gen twa restoran: Ciccino’s Pizzeria & Paninoteca ki baze nan Finger Lakes, ak Smashburger ak Moe’s Southwest Grill ki se pwopriyete lokal
- 205 chanm otèl, espa, etablisman festen ak The Sociale Café & Bar, ki planifye pou ouvri an sezon ete 2017

Del Lago Resort & Casino a li sitiye nan 1133 State Route 414, Waterloo NY, 13165,

tou jis nan sòti Exit 41 ki sou Thruway Eta New York lan.

Enfòmasyon sou del Lago Resort & Casino

Del Lago Resort & Casino a se yon kazino \$440 milyon, ki gen 205 chanm otèl ak espa nan Waterloo, New York. Misyon ki dèyè del Lago Resort & Casino a se te pou aji antan ke yon pòt prensipal nan rejyon Finger Lakes lan, sa ki ap favorize bote natirèl ak òf inik yo pandan l'ap amelyore touris. Savor NY — MacKenzie-Childs nan del Lago a se yon magazen lavant an detay inik kote machann lokal yo ap pote rejyon Finger Lakes lan dirèkteman bay patwon del Lago yo, ansanm ak pwodwi MacKenzie-Childs ak Jay Strongwater yo ak yon gwo varyete fwi lokal yo, fwomaj yo, manje kwit yo, diven ak byè yo, ansanm ak lòt espesyalite zòn lan yo. Del Lago Resort & Casino gen ladan 2,000 machin santim yo ak 89 tab jwèt yo, ki enkli 12 tab pokè; Portico by Fabio Viviani, yon restoran ak yon pla sofistike sou manje yo ki enspire de Italyen Ansyen mond lan ak byè yo; The Vine, yon sant amizman pou 2,400 moun, bar ak restoran; Festen Mache Fèmye yo, ki ap ofri manje ki te fèt onivo lokal yo; Centrifico, yon zòn bar/salon nan sant etaj jwèt la; The Sociale Café & Bar, ki ap sèvi kwizin ak bwason “gastro spa” yo; ak yon tèren manje ki mezire 4,200 pye kare. Otèl, espa, etablisman festen an ak The Sociale Café & Bar pral ouvri an sezon ete 2017. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite delLagoResort.com.

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konpreyansif rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a te investi deja plis pase \$3.4 milya dola nan rejyon an depi lane 2012 pou reyalize travay preparatwa pou plan – nan investi nan endistri kle yo ki enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope ak investi. Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola Eta a ap ankouraje biznis prive yo pou yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan li soumèt la, gen pwojè pou bay plis pase 8,200 nouvo pòs travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###